

## BAB IV HASIL PANALUGTIKAN JEUNG PEDARAN

### 4.1 Hasil Panalungtikan

Dina ieu Sub-Bab, panalungtik miboga tujuan pikeun medar hasil analisis sumber data nyaéta naskah purnadrama “Rawayan ti Pajajaran” karya Yoseph Iskandar. Unsur carita anu nyampak dina naskah drama dianalisis dumasar kana konsép Stanton, nyaéta téma jeung fakta carita anu ngawengku tokoh, latar, jeung galur carita. Ku sabab ieu naskah dijieun pikeun pasanggiri, aya sababaraha tokoh penting anu teu disebutkeun ngaranna nyaéta 12 Rahayat Pajajaran. ngan ditulis saha anu merankeunana. Ku kituna panalungtik bakal nulis sakumaha ayana dina naskah. Sanggeus dianalisis unsur carita naskah dramana, tuluy dianalisis struktur naskahna nyaéta aya dalapan, diantaranya prolog, dialog, babak, aside, solilokui, adegan, kramagung, jeung épilog. Lian ti éta, bakal dipaluruh hasil analisis ajén atikan karakter anu nyampak.

#### 4.1.1 Unsur Carita Drama

##### 4.1.1.1 Téma

Téma carita naskah purna drama “Rawayan ti Pajajaran” katitén tina ieu pasualan-pasualan anu nyampak.

- 1) Karajaan Pajajaran digempur ku pasukan Surosowan Banten

*Di panggung, Adegan Bubuka (panganteur pikeun pamilon lomba), mangrupa prolog adegan perang “peran pendukung”, antara Pasukan Pakuan Pajajaran jeung Pasukan Surosowan Banten, di lokasi Lawang Gintung (Panto Gerbang Kota Pakuan).*

RTP/A1/2

- 2) Sanggeus digempur rahayat Pajajaran nu salamet kadungsang-dungsang néangan tempat panyalindungan.

*Pamilon Puisi SMA Putri (nyarita ku puisi:*

*Alatan perang!*

*Seuweu-siwi Silih-Wangi*

*Rawayan ti Pajajaran*

*Bubar katawuran*

*Hirupna kadungsang-dungsang*

*Natar ngalér ku ngalérna*

*Natar ngidul ku ngidulna*

*Natar ngulon ku ngulonna  
Natar wétan ku wétanna  
Katalimbeng na kingkilaban*

RTP/A2/6

- 3) Karajaan Pajajaran digempur sabab ajaran ka-Sunda-an geus udar, baganti kana ajaran Tantrayana.

*PAMILON NGADONGÉNG SD PUTRA:*

*Cek carita Aki, ti saprak dirajaan ku Prabu Nilakendra, pangeusi dayeuh Pakuan, geus udar tina talari Karuhun, incah tina tatapakan Sunda. Ageman Tantrayana, geus nyilih ayeman ka-Sundaan, ngarobah réngkak paripolah para Pangagung jeung Kulawarga Kadaton. (Ka Pamilon Ngadongéng SMP Putri) Kitu cenah mah, nya étéh?*

*PAMILON NGADONGÉNG SMP PUTRI:*

*Mungguh kitu. Somah-somah dayeuh Pakuan, jadi mumul ngolah huma, jadi kedul ngurus reuma. Unggal peuting curak-curak balakecrakan, ngarinum tuak tepi ka teu wuereuna!*

*PAMILON NGADONGÉNG SMP PUTRA:*

*Cenah, eta téh minangka panganteur, saméméh lumangsungna upacara Tantrayana. Cenah, supaya pikiran gancang tilem teuleum dina impian éndah, sakumaha gurit dongéng sakti mandraguna, dina jajar carita ukir Kadaton tujuh welas.*

RTP/A3/8

- 4) Dina kaayaan tagiwur, rahayat Pajajaran anu salamet dibarengan ku Nyai Putri jeung Uwa Batara ninggalkeun lembur Pakuan pikeun nyieun lembur anyar sangkan seuweu-siwi Siliwangi teu sirna.

*Pamilon Biantara SMA Putra:*

*(Biantara)*

*Ti ieu wewengkon panyumputan, dia sakalih, kudu badarat ngidul. Tuluy baé dia muru ngidul. Éngké gé, dia bakal cunduk ka wewengkon Gunung Halimun! Tah di palebah tepis wiringna, lelewek lemah duwurna, dia sakalih kudu nyaung-nyaung ngababakan, nyieun lembur anyar, pikeun nyiptakeun rasa, nyirnakeun resmi. Dia sakalih kudu bebetah, ngalakonan tapa mandala.*

RTP/A5/13

Téma carita naskah purna drama “Rawayan ti Pajajaran” nyaéta perjuangan mertahankeun hirup jeung huripna rahayat Pajajaran. Ieu hal katitén tina pasualan-pasualan anu aya dina ieu naskah drama. Ti mimiti karajaan Pajajaran digempur ku pasukan Surosowan Banten di Lawang Gintung. Hal anu ngabalukarkeunana nyaéta ageman Tantrayana anu nyilih ageman ka-Sundaan. Rahayat anu ngungsi mileuweungan kadungsang-dungsang néang panyalindungan. Dina kaayaan tagiwur, rahayat nu ngungsi panggih jeung Nyai Putri tur Uwa Batara. Geus kitu,

pikeun mertahankeun areuy rawayan ti Pajajaran, Uwa batara méré sawangan keur rahayat anu ngungsi kudu nyaung-nyaung ngababakan, nyieun lembur anyar, pikeun nyiptakeun rasa, nyirnakeun resmi, tur ngalakonan tapa di mandala.

#### **4.1.1.2 Fakta Carita**

##### **2) Tokoh**

Penokohan dina ieu panalungtikan medar ngeunaan ngaran-ngaran tokoh anu aya dina naskah purna drama “Rawayan ti Pajajaran” katut kalungguhanana, nyaéta tingkat pentingna tokoh, fungsi penampilan tokoh, watek tokoh, mekar henteuna tokoh, jeung ayana tokoh dina bagian-bagian carita.

##### **(1) Tingkat Pentingna Tokoh**

Ditilik tina penting henteuna tokoh dina carita, bisa katitén ku ayana tokoh utama jeung tokoh tambahan.

##### **a. Tokoh Utama**

Tokoh utama nyaéta tokoh anu penting tur réa dicaritakeun dina carita. Anu kaasup tokoh utama dina naskah purna drama “Rawayan ti Pajajaran” nyaéta Nyai Putri, Uwa Batara, jeung 12 Rahayat Pajajaran. Sering henteuna tokoh muncul dina unggal adegan ogé mangaruhan kana penting henteuna tokoh dina hiji carita.

##### **b. Tokoh Tambahan**

Tokoh tambahan nyaéta tokoh anu ngan sababaraha kali aya dina unggal adegan carita. Hartina, henteu mindeng muncul dina carita jeung lain mangrupa puseur carita. Anu kaasup tokoh tambahan dina ieu naskah nyaéta Pasukan Surosowan Banten, Pasukan Pakuan Pajajaran, Prabu Nilakendra, Prabu Ragamulya Suryakencana, Ki Nakiwin, Ki Saltiwin, Ki Hulujurit, Ki Pantun.

##### **(2) Fungsi Penampilan Tokoh**

Ditilik tina fungsi penampilan tokoh dina carita, bisa katitén ku ayana tokoh protagonis jeung tokoh antagonis.

##### **a. Tokoh Protagonis**

Tokoh protagonis nyaéta tokoh anu dipikaresep lantaran miboga sipat anu hadé tur jadi picontoeun. Tokoh protagonis miboga jasa jeung gambaran norma anu ideal. Dina naskah purna drama “Rawayan ti Pajajaran”, katitén ayana tokoh protagonis sakaligus tokoh utama nyaéta Nyai Putri, Uwa Batara, jeung 12 Rahayat

Pajajaran. Tokoh tambahan dina ieu naskah drama nu kaasup tokoh protagonis nyaéta Prabu Ragamulya Suryakencana, Ki Girang Serat, Ki Saltiwin, Ki Nakiwin, Pasukan Pakuan Pajajaran.

b. Tokoh Antagonis

Tokoh antagonis mangrupa tokoh nu jadi sabab ayana konflik dina hiji carita. Tokoh antagonis ogé jadi lawan tokoh protagonis sacara langsung atawa teu langsung, boh sacara fisik boh sacara batin. Dina naskah purna drama “Rawayan ti Pajajaran” anu kaasup tokoh antagonis nyaéta Prabu Nilakendra, Pasukan Surosowan Banten.

(3) Watek Tokoh

Ditilik tina watek tokoh dina hiji carita, bisa katitén ku ayana tokoh basajan jeung tokoh buleud.

a. Tokoh Basajan

Tokoh basajan nyaéta tokoh anu miboga paripolah anu monoton, datar, jeung ngan boga sikep anu tangtu. Anu kaasup kana tokoh basajan dina naskah purna drama “Rawayan ti Pajajaran” nyaéta 12 Rahayat Pajajaran, Pasukan Surosowan Banten, Pasukan Pakuan Pajajaran.

b. Tokoh Buleud

Tokoh buleud mangrupa tokoh anu miboga kapribadian jeung jati diri anu kompléks. Dina ieu naskah drama, anu kaasup tokoh buleud nyaéta Nyai Putri, jeung Uwa Batara.

(4) Mekar Henteuna Tokoh

Ditilik tina mekar henteuna tokoh dina carita, bisa katitén ku ayana tokoh statis jeung tokoh mekar.

a. Tokoh Statis

Tokoh statis nyaéta tokoh anu henteu ngalaman parobahan jeung kamekaran watek luyu jeung kamekaran kajadian anu dicaritakeun. Anu kaasup tokoh statis di antarana. Prabu Nilakendra, Ki Saltiwin, Ki Nakiwin, Pasukan Surosowan Banten, Pasukan Pakuan Pajajaran. Anu kaasup kana tokoh statis nyaéta tokoh tambahan anu henteu réa muncul dina unggal adegan.

b. Tokoh Mekar

Tokoh mekar nyaéta tokoh anu ngalaman parobahan jeung kamekaran watek saluyu jeung kamekaran kajadian anu dicaritakeun. Anu kaasup tokoh mekar nyaéta Nyai Putri, Uwa Batara, 12 Rahayat Pajajaran.

Dumasar kana tingkat penting henteuna, palaku utama dina ieu naskah drama aya 14, sarta palaku tambahan dina ieu naskah drama nyaéta 7. Dumasar kana fungsi penampilanna, palaku protagonis jumlahna aya 18, sarta palaku antagonisna aya 2. Dumasar kana watekna, palaku basajan dina ieu naskah jumlahna aya 12, sarta palaku buleudna aya 2. Dumasar kana mekar henteuna, palaku statis dina ieu naskah aya 13, sarta palaku mekarna aya 1. Dumasar kana aya henteuna palaku dina unggal scene, unggal palaku miboga peranna séwang-séwangan. Dina harti, tina penting henteuna tokoh, fungsi penampilan, watek, jeung mekar henteuna palaku, mangaruhan pisan kana aya henteuna palaku dina unggal scene. Dina ieu naskah Nyai Putri, Uwa Batara, jeung 12 rahayat pajajaran mangrupa tokoh penting.

### 3) Galur Carita

Naskahurna drama “Rawayan ti Pajajaran” karya Yoseph Iskandar diwangun ku lima adegan tanpa ayana babak. Robahna adegan dina ieu naskah drama katitén ku ayana palaku-palaku anyar nu ngalantarankeun robahna situasi. Galur nu nyampak nyaéta galur nu mérélé, kajadian ti awal nepi ka ahir dicaritakeun sacara ngaguluyur. Nurutkeun Aristoteles (dina Isnendes, 2018) galur carita dina drama téh nyaéta (1) éksposisi, (2) komplikasi, (3) klimaks, (4) résolusi, jeung (5) kongklusi. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap mangrupa analisis galur carita naskahurna drama “Rawayan ti Pajajaran”.

(1) Adegan ka-1 (éksposisi)

- a. Pamilon Puisi SD Putra jeung Putri anu ngungsi keur bingung tur sedih néangan tempat panyalindungan.
- b. Pamilon Puisi SD Putri ngébréhkeun kasedih ninggalkeun dayeuh pakuan ku cara nyajak, kitu ogé Pamilon SD Putra anu sarua ngébréhkeun kasedih.

(2) Adegan ka-2

- a. Pamilon Puisi SMP anu sarua papada ngungsi ningali tur nyampeurkeun Pamilon Puisi SD nu katingali sedih.
- b. Pamilon Puisi SMP Putra jeung Putri nyajak ngeunaan situasi ketirna dayeuh pakuan anu digempur ku pasukan Surosowan Banten.
- c. Sabot kitu datang Pamilon Puisi SMA Putra jeung Putri tuluy ngébréhkeun kabingung tur kasusah ku cara nyajak.

(3) Adegan ka-3 (Komplikasi)

- a. Torojol Pamilon Dongéng SD, SMP, SMA nyampeurkeun Pamilon Puisi. Geus kitu mah, silih bagéakeun
- b. Pamilon Dongéng (SD, SMP, SMA) ngadongéng kumaha maranéhna bisa aya di éta patempatan jeung kunaon pangna dayeuh Pakuan Pajajaran digempur.
- c. Sakabéh nu aya didinya papada bingung kudu kumaha, jeung ka mana. Sabab, eweuh nu bisa jadi pamingpin.

(4) Adegan ka-4

- a. Datang Pamilon Pupuh SD tuluy patémbalan kawih sasambatan/maskumambang, ngébréhkeun rasa kasedih ninggalkeun dayeuh Pakuan.
- b. Sabot kitu, Pamilon Pupuh SMP nyampeurkeun tuluy silih patémbal kawih sasambatan.
- c. Pamilon Dongéng SD Putri ngeureunkeun nu keur kakawihan bari kesel. Sabab, dina kaayaan ketir masih kénéh bisa ngawih.
- d. Pamilon Pupuh SD Putra jeung Putri ngajelaskeun alesan maranéhna ngawih.

(5) Adegan ka-5

- a. Cunduk Nyai Putri jeung Uwa Batara. Nempo kitu, balaréa kacida reueus, ajrih, bari tuluy cong nyarembah sakumaha mistina.
- b. Dina kaayaan anu kacida bingung jeung ketir, rahayat nanyakeun ka Nyai Putri kudu kamana néang panyumputan, jeung ka saha néang panyalindungan.

- c. Nyai Putri ogé ngarasa bingung tur nepikeun wangsit panungtung Prabu Ragamulya Suryakencana yén Pajajaran geus napak uga (klimaks).
- d. Rahayat Pajajaran kacida reuwaseunana, kaayaan beuki ketir tur sedih.
- e. Uwa Batara negeskeun yén pacuan kudu badarat ngidul tuluy ngababakan lembur anyar pikeun nyipta rasa, sirna resmi.
- f. Pamilon Puisi SMP Putri némpas baris semu bingung, tuluy nanya saha nu rék jadi lulugu lemburna.
- g. Uwa batara nétélakeun yén Nyai Putri kudu jadi lulugu lembur.
- h. Nyai Putri nampik jadi lulugu lembur sabab anjeuna ngan sakur awéwé.
- i. Uwa Batara ngajéntrékeun lamun Nyai Putri nampik, Rawayan ti Pajajaran bakal sirna (résolusi).
- j. Nyai Putri nampi jadi lulugu lembuur sok sanajan beurat nyuhun jeung nanggung.
- k. Nyai Putri, Uwa Batara, jeung 12 Rahayat Pajajaran badarat ngidul. Saméméh arindit, Nyai Putri ngaluluguan upacara bakti (konklusi).

### 3) Latar

#### (1) Latar Tempat

Latar tempat dina naskah purna drama “Rawayan ti Pajajaran” di antarana aya di Cipakancilan Girang, Cipakancilan Hilir, Dayeuh Pakuan, Gunung Pulasari, Gunung Halimun, Kadaton, Kahiyangan, Lawang Gintung, Leuweung, Pasir Kawung, Pasir Kanyéré.

#### (2) Latar Suasana

Latar suasana dina ieu naskah leuwih némbongkeun kaayaan anu sedih, ketir, tur bingung. lantaran ti mimiti carita geus dicaritakeun konflik-konflik anu aya dina ieu naskah.

#### 4.1.1.3 Sarana Carita

##### 1) Jihat Sawangan

Jihat Sawangan atawa point of view mangrupa sawangan pangarang pikeun nyawang hiji kajadian. Nilik kana téori Stanton, jihat sawangan nu digunakeun ku pangarang dina ieu novél nya éta métode carita jalma katilu teu kawatesanan, hartina pangarangna nyoko kana unggal karakter jeung nempatkeunna salaku jalma

katilu. Ieu hal téh bisa jadi sangkan pamaca leuwih gampang maham boh kana karakter unggal palakuna boh kana galur caritana. Pangarang ogé nyieun sababaraha karakter nu ningali, ngadéngé, atawa mikir nalika euweuh karakter nu dimunculkeun. Leuwih jelasna bisa katitén tina cutatan di handap nu némbongkeun laluasana pangarang nyaritakeun hiji hal nu karandapan ku palaku.

*Balaréa tatan-tatan, saged metakeun babawaan. Bari ngangres tur ketir, Uwa Batara neutaup ka nu rék arindit. Méméh arindit, Nyai Putri ngaluluguan upacara bakti. Bari dariuk deku, Rawayan Pajajaran nyembah ka Hiang Batara Tunggal.*

RTP/A5/14

## 2) Gaya Basa

Yoséph Iskandar salaku pangarang naskah purna drama “Rawayan ti Pajajaran” ngagunakeun basa anu *arkais* atawa ngagunakeun basa anu buhun. Basa buhun nu ngagunakeun kecap-kecap kuno katitén dina sempalan ieu.

*... Pun sapun ka Karuhun di Budeur Awun  
Jurungkeun kami deuk ludeung  
Aping kami ari ti peuting  
Téang kami dina ringkang beurang  
Pun sapun.*

RTP/A5/15

### 4.1.2 Struktur Naskah Drama

Struktur naskah drama dina ieu naskah aya lima, nyaéta prolog, dialog, adegan/*scene*, kramagung, jeung solilokui/monolog.

#### 4.1.2.1 Prolog

*Di panggung, Adegan Bubuka (panganteur pikeun pamilon lomba), mangrupa prolog adegan perang “peran pendukung”, antara Pasukan Pakuan Pajajaran jeung Pasukan Surosowan Banten, di lokasi Lawang Gintung (Panto Gerbang Kota Pakuan).*

RTP/A1/2

#### 4.1.2.2 Dialog

Dialog dina ieu purna drama mangrupa *penghubung* unggal karakter. Dialog anu katitén nyaéta saperti ieu di handap.

(1) Dialog antara Pamilon Puisi SD jeung SMP

*PAMILON PUISI SMP PUTRA:*

*Urang mana dia?*

*PAMILON PUISI SMP PUTRI:*

Dani Irwansyah, 2021

STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NASKAH PURNA DRAMA “RAWAYAN TI PAJAJARAN” KARYA YOSEPH ISKANDAR

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

*Seuweu mana dia?*

**PAMILON PUISI SD PUTRI:**

*Kami urang Pasir Kawung, kami seuweuna Ki Nakiwin.*

**PAMILON PUISI SD PUTRA:**

*(pikarunyaean) Kami urang Pasir Kanyéré, seuwuna Ki Saltiwin. Ari aka jeung étéh urang mana?*

**PAMILON PUISI SMP PUTRA:**

*Kami urang Cipakancilan Girang, seuweuna Ki Hulujurit.*

RTP/A2/4

**PAMILON PUISI SMP PUTRI:**

*Kami gé sarua, urang cipakancilan Hilir, Seuweuna Ki Girang Serat.*

**PAMILON PUISI SD PUTRI:**

*Jadi aka jeung étéh sarua papada ngungsi?*

**PAMILON PUISI SMP PUTRA JEUNG PUTRI (ngajawab ku puisi):**

*Basa kami keur di Reuma*

*Ti jauhna kapireng sora haliwu*

*Aya karaman! Aya karaman!*

*Dayeuhan dijorag!*

*Lembur dihuru!*

*Silalatu rabeng ti unggal suhunan*

*Seuneu ngabebela di unggal babakan*

**PAMILON PUISI SMP PUTRA (mairan ku puisi):**

*Nu tingjarerit maratan langit*

*Nu tingkocéak maratan jagat*

*Nu katiir jamparing!*

*Nu katiruk duhung!*

*Nu katigas gobang!*

*Sakur pangeusi Dayeuhan*

*Rarubuh rarebah*

*Ngababatang pasoléngkrah*

RTP/A2/6

(2) Dialog antara Pamilon Puisi jeung Pamilon Dongéng

**PAMILON PUISI SD PUTRI:**

*Dia sakalih tangtuna gé sarua jeung kami, papada ngungsi.*

**PAMILON NGADONGÉNG SD PUTRI:**

*Mungguh kitu, dulur. Kami gé sarua nyingkahan karaman.*

**PAMILON NGADONGÉNG SD PUTRA:**

*Geus teu bisa alah ieung! Geus teu bisa ampun! Diobrot tepi ka tonggoh! Dasrék tepi ka ngajéngjéhé*

**PAMILON NGADONGÉNG SMP PUTRI:**

*Basa guk-gok di Pasisian lembur singkur, tepung jeung ieu kaka, étéh (nuduhkeun ka Pamilon Ngadongéng SMA), jog anjog cunduk ka ieu patempatan.*

**PAMILON NGADONGÉNG SMP PUTRA:**

*Dina kaayaan tagiwur, kami asa manggih panyalindungan, tepung jeung panangtayungan. Ku kaka jeung étéh kami dilelemu, diupahan, dibéré timbel sahulu. Najan kabagéan sacomot éwang ogé, peujit nu ngajerit murilit, lumayan rada répéh.*

**PAMILON PUISI SMP PUTRI**

*Sugan dia mah nyaho, ku naon pangna dayeuh Pakuan digempur, dijorag, dihuru, dibinasa?*

**PAMILON PUISI SMP PUTRA:**

*Cikan, kami hayang engeuh, kumaha tah dongéngna?*

**PAMILON NGADONGÉNG SD PUTRI:**

*Dongéngna mah, kieu...*

*Cek pitutur kolot-kolot, cenah Pajajaran téh geus napak geus uga. Nitih dina wanci, ninggang kana mangsa Kaliyuga, nandangan kembang perlaya, kaara-ara katalangsara...,*

**PAMILON NGADONGÉNG SD PUTRA:**

*Cek carita Aki, ti saprak dirajaan ku Prabu Nilakendra, pangeusi dayeuh Pakuan, geus udar tina talari Karuhun, incah tina tatapakan Sunda. Ageman Tantrayana, geus nyilih ayeman ka-Sunda-an, ngarobah réngkak paripolah para Pangagung jeung Kulawarga Kadaton. (Ka Pamilon Ngadongéng SMP Putri) Kitu cenah mah, nya étéh?*

**PAMILON NGADONGÉNG SMP PUTRI:**

*Mungguh kitu. Somah-somah dayeuh Pakuan, jadi mumul ngolah huma, jadi kedul ngurus reuma. Unggal peuting curak-curak balakecrakan, ngarinum tuak tepi ka teu wuereuna!*

**PAMILON NGADONGÉNG SMP PUTRA:**

*Cenah, eta téh minangka panganteur, samemeh lumangsungna upacara Tantrayana. Cenah, supaya pikiran gancang tilem teuleum dina impian éndah, sakumaha gurit dongéng sakti mandraguna, dina jajar carita ukir Kadaton tujuh welas.*

**PAMILON NGADONGÉNG SMP PUTRI:**

*Dina gerendengna jampé pamaké jangjawokan, dina sulap-selipna jimat tulak bala, dina kelebetna bandéra Sanghiyang Panji, cenah mah, sangkan Pajajaran apanjang-apunjung sinayungan.*

**PAMILON NGADONGÉNG SMA PUTRI:**

*Mending gé, jampé-jampé harupat, geura gedé geura lumpat, geura nyingkahan salah di lampah. Nu dumuk mah ieu, jimat awaking, jimat nu saéstuna, rawayan ti Pajajaran.*

**PAMILON NGADONGÉNG SMA PUTRA:**

*Mungguh kitu, pangna adi-adi, ku kami dibawa ngungsi ka dieu. Sangkan Seuweu-siwi Silihwangi sambung-sinambungan. Palias, rawayan Pajajaran sirna ti buana!*

RTP/A3/7-9

(3) Dialog antara Pamilon Ngadongéng SD jeung Pamilon Pupuh SD

*PAMILON NGADONGÉNG SD PUTRI:**Héh nu keur kakawihan! Naha dia mah, bet bisa kénéh galumbira?**PAMILON NGADONGÉNG SD PUTRA:**Harinaeun! Beuteung lapar mah, hamo diparaban kawih, euy!**PAMILON PUPUH SD PUTRI:**Kawihna gé, kawih sasambatan, ukur ngedalkeun kakeuheul, tamba keueung!**PAMILON PUPUH SD PUTRA:**Kawih téh dulur-dulur, warisan ti karuhun! Na teu meunang, mun kami neundeun katineung ka Karuhun?*

RTP/A4/10-11

(4) Dialog Nyai Putri jeung Rahayat Pajajaran nu ngungsi

*BALAREA:**(Ragem) Pun sapun, sampurasun. Bagéa cunduk, Nyai Putri....**PAMILON BIANBARA SMA PUTRI:**(Ka balaréa) Rampes. Bagea dulur-dulur. (Sanggeus nengetan) Mun teu salah, dia sakalih, urang dayeuhan tah?**Balaréa nyarembah, ngaenyakeun.**PAMILON PUPUH SD PUTRI:**Kami katalimbeng, bingung, kudu kumaha nya ceta, Tetéh Putri?**PAMILON PUPUH SMP PUTRI:**Nu matak hémeng, ku naon Hiyang Prabu, mindahkeun puseur dayeuh Pajajaran, ka tepis wiring gunung Pulasari?**PAMILON BIANBARA SMA PUTRI:**Tina wangsit panungtung nu kapireng ti Rama Prabu, pangna mindahkeun puseur dayeuh, dumasar kana iber ti Kahiyangan. Dina wangsitan panungtung dina sora nu pegat-pegat, Rama Prabu kungsi ngabéjaan: Pajajaran....napak....uga....!**PAMILON NGADONGÉNG SMA PUTRI:**Wangsitan nu samar-samar, Nyai Putri...**Ti mimiti Salakanagara, tuluy Tarumanagara, Sunda, Galuh, lumangsung lungsur-langsar manjang rebuan taun. Naha napak ugana, palebah Pajajaran?*

RTP/A5/11-12

(5) Dialog Uwa Batara, Nyai Putri, jeung Rahayat Pajajaran nu ngungsi

*PAMILON NGADONGÉNG SMA PUTRA:*

*(Bari tatanggahan nyawang ka langit)*

*Di bihari aya kiwari, seja ayeuna sampeureun jaga. Wanci geus cunduk kan: pananggalan Paro-caang, bulan Wesaka, taun 1501. Ciriren diri urang nandangan lara balangsak. Nu kudu dipikiran mah, kudu ka mana deui néangan panyumputan?*

**PAMILON BIANBARA SMA PUTRI:**

*(Ka peran Uwa Batara, bari nyembah) Pun sapun Uwa Batara. Sugaan di Uwa nyampak iber ti Kahiyangan. Kudu kumaha ceta, jeung kudu nyingkah ka mana, ieu rawayan Pajajaran téh?*

**PAMILON BIANBARA SMA PUTRA (nu merankeun UWA BATARA):**

*Pun sapun, Nyai Putri. Cek Uwa mah, lamun musuh datangna ti kalér, pacuan ulah nyingkah ka kalér. Tangtuna gé, kudu nyingkah ngidul!*

**PAMILON PUPUH SD PUTRI:**

*Kumaha mun mulang ka dayeuh Pakuan, Aki?*

**PAMILON BIANBARA SMA PUTRA:**

*Montong Nyai! Di dayeuh Pakuan geus simpe. Suwung, euweuh sasaha!*

RTP/A5/12

**PAMILON PUISI SMP PUTRI:**

*Cipta rasa! Sirnaresmi! Sageuy kami bisa hirup jeung huripna, mun euweuh pupuhun nu dijadikeun lulugu lembur, Aki?*

**PAMILON BIANBARA SMA PUTRA:**

*Mungguh kitu, Nyai. Tapi, cek iber ti Kahiyangan, euweuh deui nu bisa dijieun lulugu kapuhunan, iwal ti Nyai Putri, seuweu bungsu Prabu Ragamulya Suryakencana, nu katelah Pucuk Umun Pulasari.*

**PAMILON BIANBARA SMA PUTRI (nu merankeun NYAI PUTRI):**

*Naha bet lagragna jadi ka kami, Uwa? Mangkaning, kami mah, ngan saukur pangawak awéwé?*

**PAMILON BIANBARA SMA PUTRA:**

*Pun sapun, Nyai Putri. Mungguh kitu titis tinulis iber di guritna. Uyah mah, hamo téés ka luhur. Pancuran, ngamalirna tangtu ka tampian.*

**PAMILON BIANBARA SMA PUTRI:**

*Nu kaimpleng ku kami, asa teu unjukan, mun dijenengkeun kudu jadi Raja mah, Uwa!*

RTP/A5/13

#### **4.1.2.3 Adegan/Scene**

Naskah purna drama “Rawayan ti Pajajaran” diwangun ku adegan bubuka, 5 adegan inti, jeung adegan panutup tanpa ayana pembabakan. Adegan bubuka mangrupa panganteur/prolog carita dituluykeun ku Rajah Pamuka Ki Pantun. 5

Dani Irwansyah, 2021

STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NASKAH PURNA DRAMA “RAWAYAN TI PAJAJARAN” KARYA YOSEPH ISKANDAR

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

adegan inti nyaéta nyaritakeun eusi/inti tina carita nu rék ditepikeun. Di tutup ku adegan panutup nyaéta visual gerakan anu nunjukeun Nyai Putri, Uwa Batara, jeung Rahayat Pajajaran nu ngungsi indit ka kidul ninggalkeun dayeuh pakuan bari dibarengan ku Rajah Panutup Ki Pantun.

#### 4.1.2.4 Kramagung

Dina ieu naskah réa kramagung anu jadi panuduh gerak jeung émosi nu kudu dilakukeun ku para aktorna. Éta kramagung téh ngagampangkeun aktor dina ngabayangkeun adegan anu rék dilalakonkeun. Ieu dihandap mangrupa kramagung nu aya di naskah purna drama “Rawawyan ti Pajajaran” karya Yoseph Iskandar.

*Pidangan adegan kahiji, dimimitian ku nu maca puisi (2 urang perwakilan putra-putri ti SD), dina peran barudak pangungsi ti dayeuh Pakuan.*

RTP/A1/3

*Sabot kitu, tingtorojol 2 rumaja putra-putri perwakilan ti SMP. Ditema ku midangna Mojang jeung jajaka perwakilan ti SMA*

RTP/A2/4

*PAMILON PUISI SD PUTRA:*

*(pikarunyaean) Kami urang Pasir Kanyéré, seuwuna Ki Saltiwin...*

RTP/A2/4

*... Sabot kitu, cunduk 2 urang perwakilan maca puisi ti SMA*

RTP/A2/6

*Tingtorojol 6 urang pamilon ngadongéng (Juru Dongéng wawakil SD, SMP, SMA). Dibagéakeun ku 6 urang pamilon nu geus réngsé maca puisi.*

RTP/A3/6

*Dua urang Pamilon Pupuh SD putra-putri, arasup ka panggung, patémbalan kawih dina lagu sedih (sasambatan maskumambang)*

RTP/A4/9

*Cunduk dua urang Pamilon Biantara SMA putra-putri. Nu putri jadi NYAI PUTRI, nu putra jadi UWA BATARA. Nempo kitu, balaréa kacida rareueuseunana, ajrih, bari tuluy némbongkeun rasa hormatna, cong nyarembah sakumaha mistina*

RTP/A5/11

*PAMILON NGADONGÉNG SMA PUTRA:*

*(Bari tatanggahan nyawang ka langit)*

*Di bihari aya kiwari, seja ayeuna sampeureun jaga. Wanci geus cunduk...*

*PAMILON BIANBARA SMA PUTRI:*

*(Ka peran Uwa Batara, bari nyembah) Pun sapun Uwa Batara...*

RTP/A5/12

*Balaréa tatan-tatan, saged metakeun babawaan. Bari ngangres tur ketir, Uwa Batara neutep ka nu rék arindit. Méméh arindit, Nyai Putri ngaluluguan upacara bakti. Bari dariuk deku, Rawayan Pajajaran nyembah ka Hiang Batara Tunggal.*

RTP/A5/14

#### 4.1.2.5 Solilokui

Dina ieu naskah nyampak ayana solilokui/monolog pikeun ngedalkeun eusi haté jeung kaayaan diri palaku nu ngalaman hiji perkara.

*PAMILON PUISI SD PUTRI:*

*Mipir pasir mapay jungkrang  
Nataran huma jeung reuma  
Muntang areuy kumareumbing  
Ngara'as meuntas walungan*

*PAMILON PUISI SD PUTRA:*

*Ti langkah, ka langkah  
Ti lampah, ka lampah  
Teuing geus sabaraha jauh*

*Ninggalkeun Dayeuh Pakuan*

*PAMILON PUISI SD PUTRI:*

*Leuweung luwang-liwung  
Jauh ka sintung kalapa  
Lieuk deungeun lieuk lain  
Jauh ka indung ka bapa*

*PAMILON PUISI SD PUTRA:*

*Ti panyingkiran ka panyingkiran  
Ti panyumputan ka panyumputan  
Ti pangungsian ka pangungsian  
Teuing kudu ka mana deui?*

RTP/A1/3

*PAMILON PUISI SMA PUTRI (nyarita ku puisi):*

*Alatan perang! Seuweu-siwi Silih-Wangi Rawayan Pajajaran  
Bubar katawuran  
Hirupna kadungsang-dungsang Natar ngalér ku ngalérna  
Natar ngidul ku ngidulna  
Natar ngulon ku ngulonna Natar wétan ku wétanna  
Katalimbeng na kingkilaban*

*PAMILON PUISI SMA PUTRA:*

*Témbong kénéh  
Marakbakna seuneu di puseur dayeuhan  
Deungdeuleueun kénéh  
Tingkelebetna jubah-jubah bodas*

Dani Irwansyah, 2021

STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NASKAH PURNA DRAMA "RAWAYAN TI PAJAJARAN" KARYA YOSEPH ISKANDAR

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

*Tinggurilapna seuseukeut gobang  
Tingbelesatna ruruhit jamparing  
Tinglalempagna duhung  
Dulur salembur, sanak baraya  
Teuing kumaha nasibna?*

RTP/A2/6

**PAMILON BIANBARA SMA PUTRA:**

*(biantara)*

*Pun sapun, Nyai Putri. Lulugu lain Ratu, Pupuhunan lain Raja. Pancén dia, ukur jadi pangjejer, pangjeujeuh, tuturus areuy rawayan ti Pajajaran. Lamun dia teu nyanggupan, hartina, seuweu siwi Silihwangi, bakal peunggas rawayanna, bakal ilang dangiangna, bakal sirna wawangina. Pacuan, ulah kagembang ku jungkiringna kadaton, kagoda ku gurilapna inten jumanten dunya barana. Tanjeuma Pajajaran, nyaéta dalingdingna dangiang silih-wangi, nu salawasna kudu jinem dina angen-angen. Wayahna, geura tarimakeun, Nyai Putri.*

**NYAI PUTRI:**

*(biantara)*

*Beurat nyuhun beurat nanggung, beurat narimakeunana.*

*Tapi, dalah dikumaha, iber ti Kahiyangan, palias dimomorekeun.*

*(Ka balaréa)*

*Dulur-dulur rawayan ti Pajajaran. Sakumaha nu kapireng ku dia sakalih, tétéla urang bakal ninggalkeun dayeuh Pakuan. Sakumaha beuratna, teu bisa majar kumaha. Bongan, getih Pajajaran, ngamalir dina diri urang. Gues tong melang sumoreang, tong inggis ku bisi rempan ku sugan. Hayu tatan-tatan, urang lakonan hirup-hurip sauyunan, urang silih wawangian.*

RTP/A5/14

### 4.1.3 Ajén Atikan Karakter

Sabada dianalisis, ajén atikan anu kapaluruh aya 9. Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan dina tabél 4.1.

**Tabél 4.1**  
**Ajén Atikan Karakter**

#### 1) Religius

Sikep *religius* anu katitén nyaéta rahayat Pajajaran nyekel pengkuh kana agemanna. Kapanggih aya dua nu kapanggih dina sempalan dialog jeung kramagung.

*(1) Mending gé, jampé-jampé harupat, geura gedé geura lumpat, geura nyingkahan salah di lampah. Nu dumuk mah ieu, jimat awaking, jimat nu saéstuna, rawayan ti Pajajaran.*

RTP/A3/9/AAK. 1

(2) *Nyai Putri ngaluluguan upacara bakti. Bari dariuk deku, Rawayan Pajajaran nyembah ka Hiang Batara Tunggal.*

RTP/A5/14/AAK. 1

## 2) Jujur

Sikep *Jujur* anu kapaluruh nyaéta nalika Uwa Batara nyaritakeun saenyana kumaha kaayaan dayeuh Pakuan.

*PAMILON PUPUH SD PUTRI:*

*Kumaha mun mulang ka dayeuh Pakuan, Aki?*

*PAMILON BIANBARA SMA PUTRA:*

*Montong Nyai! Di dayeuh Pakuan geus simpé. Suwung, euweuh sasaha!*

RTP/A5/12/AAK. 2

## 3) Kerja Keras

Sok sanajan keur lara balangsak tapi angger rahayat Pajajaran kudu bajoang pikeun hirup jeung huripna. Ieu hal téh némbongkeun ajén atikan karakter *kerja keras*.

*PAMILON PUPUH SMP PUTRI:*

*Euleuh geuning, urang téh katalangsara*

*Kasasar kapahung*

*Lieuk leuweung lieuk lamping*

*Najan kitu, najan kitu*

*Kudu hirup jeung huripna*

*PAMILON PUPUH SMP PUTRA:*

*Heueuh geuning, urang téh kadungsang-dungsang*

*Nyorang mileuweungan*

*Muntang akar muntang areuy*

*Najan kitu, najan kitu*

*Kudu waluya walagri*

RTP/A4/10/AAK. 5

## 4) Demokratis

Ajén atikan *demokratis* katémbong nalika Uwa Batara tuhu kana kawajibanana nyaéta nampung aspirasi rahayat Pajajaran.

**PAMILON BIANBARA SMA PUTRA:***(biantara)*

*Pun sapun, Nyai Putri. Lulugu lain Ratu, Pupuhunan lain Raja. Pancén dia, ukur jadi pangjejer, pangjeujeuh, tuturus areuy rawayan ti Pajajaran. Lamun dia teu nyanggupan, hartina, seuweu siwi Silihwangi, bakal peunggas rawayanna, bakal ilang dangiangna, bakal sirna wawangina. Pacuan, ulah kagembang ku jungkiringna kadaton, kagoda ku gurilapna inten jumanten dunya barana. Tanjeuma Pajajaran, nyaéta dalingdingna dangiang silih-wangi, nu salawasna kudu jinem dina angen-angen. Wayahna, geura tarimakeun, Nyai Putri.*

RTP/A5/14/AAK. 8

**5) Rasa Ingin Tahu**

Ajén atikan karakter *rasa ingin tahu* katitén sikep hayang mikanyaho sacara jero jeung leuwih jembar kana hiji hal.

**(1) PAMILON PUISI SMP PUTRI**

*Sugan dia mah nyaho, ku naon pangna dayeuh Pakuan digempur, diyorag, dihuru, dibinasa?*

**PAMILON PUISI SMP PUTRA:**

*Cikan, kami hayang engeuh, kumaha tah dongéngna?*

RTP/A3/7/AAK. 9

**(2) PAMILON PUPUH SMP PUTRI:**

*Nu matak hémeng, ku naon Hiyang Prabu, mindahkeun puseur dayeuh Pajajaran, ka tepis wiring gunung Pulasari?*

RTP/A5/11/AAK. 9

**6) Cinta Tanah Air**

Sikep paduli kana bangsa jeung budaya némbongkeun ajén atikan karakter *cinta tanah air*. Ieu hal bisa dititénan dina sempalan di handap.

**(1) PAMILON NGADONGÉNG SMA PUTRA:**

*Mungguh kitu, pangna adi-adi, ku kami dibawa ngungsi ka dieu. Sangkan Seuweu-siwi Silihwangi sambung-sinambungan. Palias, rawayan Pajajaran sirna ti buana!*

RTP/A3/7/AAK. 11

(2) *PAMILON PUPUH SD PUTRA:*

*Kawih téh dulur-dulur, warisan ti karuhun! Na teu meunang, mun kami  
neundeun katineung ka Karuhun?*

RTP/A4/10/AAK. 11

### 7) *Bersahabat dan Komunikatif*

Sikep rahayat Pajajaran anu papada wawanohan nalika mimiti papanggih mangrupa ajén atikan Karakter *bersahabat dan komunikatif*.

*PAMILON PUISI SMP PUTRA:*

*Urang mana dia?*

*PAMILON PUISI SMP PUTRI:*

*Seuweu mana dia?*

*PAMILON PUISI SD PUTRI:*

*Kami urang Pasir Kawung, kami seuweuna Ki Nakiwin.*

*PAMILON PUISI SD PUTRA:*

*(pikarunyaean) Kami urang Pasir Kanyéré, seuwuna Ki Saltiwin. Ari aka jeung étéh urang mana?...*

RTP/A2/4/AAK. 13

### 8) *Peduli sosial*

Ajén atikan karakter anu nyampak nyaéta *peduli sosial*. Katitén dina sikep rahayat Pajajaran anu silih bantuan.

*PAMILON NGADONGÉNG SMP PUTRI:*

*Basa guk-gok di Pasisian lembur singkur, tepung jeung ieu kaka, étéh (nuduhkeun ka Pamilon Ngadongéng SMA), jog anjog cunduk ka ieu patempatan.*

*PAMILON NGADONGÉNG SMP PUTRA:*

*Dina kaayaan tagiwur, kami asa manggih panyalindungan, tepung jeung panangtayungan. Ku kaka jeung étéh kami dilelemu, diupahan, dibéré timbel sahulu. Najan kabagéan sacomot éwang ogé, peujit nu ngajerit murilit, lumayan rada répéh*

RTP/A3/7/AAK. 17

### 9) *Tanggung Jawab*

Sikep Nyai Putri anu tanggung jawab tangtu mangrupa ajén atikan karakter *tanggung jawab*.

*NYAI PUTRI:*

*(biantara)*

*Beurat nyuhun beurat nanggung, beurat narimakeunana.*

*Tapi, dalah dikumaha, iber ti Kahiyangan, palias dimomorekeun.*

*(Ka balaréa)*

*Dulur-dulur rawayan ti Pajajaran. Sakumaha nu kapireng ku dia sakalih, tétéla urang bakal ninggalkeun dayeuh Pakuan. Sakumaha beuratna, teu bisa majar kumaha. Bongan, getih Pajajaran, ngamalir dina diri urang. Gues tong melang sumoreang, tong inggis ku bisi rempan ku sugan. Hayu tatan-tatan, urang lakonan hirup-hurip sauyunan, urang silih wawangian.*

RTP/A5/14/AAK. 18

## 4.2 Pedaran

Dumasar kana analisis struktural jeung ajén atikan karakter dina naskah purna drama “Rawayan ti Pajajaran” karya Yosép Iskandar, bisa kapaluruh unsur-unsur naon waé nu ngawangun éta naskah. Unsur-unsur naskah ditalungtik kalayan dipisah-pisahkeun dumasar kana papasinganana, nyaéta ngeunaan; (1) Struktur unsur carita naskah purna drama “Rawayan ti Pajajaran”, (2) Struktur naskah “Rawayan ti Pajajaran”. Jeung (3) Ajén atikan karakter dina naskah purna drama “Rawayan ti Pajajaran”.

### 4.2.1 Pedaran Struktur Unsur Carita

Dumasar kana hasil analisis struktur di luhur, kapanggih yén unsur carita nu ngawangun naskah purna drama “Rawayan ti Pajajaran” téh kawilang lengkep, sarta unsur pangwangunna kayaning téma, fakta carita, jeung sarana carita jadi hiji beungkeutan nu gembleng tur silih lengkepan pikeun ngawangun gagasan nu hayang ditepikeun ku pangarangna.

#### 1) Téma

Ari gagasan nu baris ditepikeun ku pangarangna nyaéta ngeunaan perjuangan rahayat Pajajaran pikeun nuluykeun dalingdingna dangiang silih-wangi. Éta kaayaan téh éstu lain ukur ngahaja dikarang ku pangarangna, tapi minangka gambaran masarakat alam harita. Téma nu kasalusur dina ieu naskah sabada ditalungtik nyaéta pasualan-pasualan ngeunaan rahayat Pajajaran nu bingung néangan tempat panyalindungan sanggeus digempur ku pasukan Suroswan Banten. Ku kituna, téma nu nyampak nyaéta perjuangan pikeun mertahankeun hirup jeung huripna rahayat Pajajaran.

Kecap hirup dina kamus basa Sunda Danadibrata hartina nyaéta boga kénéh nyawa, katémbong gerak jeung robahna. Hurip hartina waras sacara lahir jeung batin. Kasampurnaan manusa ditilik tina hirup jeung huripna, sabab hirup jeung hurip mangrupa hiji katunggalan anu silih patali tur teu bisa dipisahkeun. Lamun hirup tapi teu jeung huripna moal disebut sampurna hiji manusa, kitu ogé lamun hurip tapi teu jeung hirupna moal bisa disebut manusa.

Sikep urang Pajajaran masih kénéh nyinekel kana pikukuh ka-Sundaan. Konsép hirup jeung hurip urang Sunda diwincik jadi opat nyaéta hirup manusa

jeung gustina, manusa jeung dirina, manusa jeung manusa séjén, manusa jeung alamna. Ieu hal téh nyoko kana pikukuh kolot baheula anu nétélakeun yén pikeun jadi manusa anu sampurna kudu silih asih, silih asah, silih asuh, sangkan bisa silih wawangian.

Hirup urang Pajajaran henteu ngan sakur hirup sorangan, tapi hirup jeung ngahirupkeun, maksudna mah sok sanajan hirup keuna ku lara atawa balangsak masih kénéh kudu nyepeng prinsip hirup tatalang kanu susah tutulung kanu butuh. Contona katitén dina ieu naskah nalika Rahayat anu silih tulungan sok sanajan sarua papada nandangan lara, eweuh sikep *individualis* atawa asa aing. Tangtu konsép ieu téh mangrupa salasahiji tarékah pikeun meunangkeun kabagjaan sacara lahir jeung batin (hurip).

Pasualan anu karandapan di karajaan Pajajaran nyaéta balukar tina ageman ka-Sundaan geus udar tuluy nyilih kana ageman Tantrayana. Ieu ageman téh mangrupa ageman anu rusiah tur *eksklusif* dina jaman Hindu-Budha di Indonésia. Ageman Tantrayana nilik yén awak manusa téh *sakral*. Ku kituna, *seks* bisa dipaké pikeun tapa. Teu wungkul *seks* tapi nginum tuak (alkohol) ogé bisa jadi jalan pikeun tapa (Sumardjo, 2013).

Aya dua hal anu jadi dadasar ageman Tantrayana. Anu kahiji nyaéta ngeunaan tiori *penciptaan* anu nétélakeun yén jagad raya teu boga awal jeung ahir, sakabéh anu aya di alam dunya ngan sakur *proyeksi-proyeksi* tina energi Gusti anu nyiptakeun. Anu kadua nyaéta aya sababaraha téhnik pikeun ngalaksanakeun ritual Tantrik pikeun ngahiji jeung energi Gustina. Ku kituna, pangaweruh jeung larapan ritual Tantrik téh ngamangpaatkeun energi *kosmis* Gusti pikeun mekarkeun tujuan-tujuan duniawi jeung tujuan-tujuan spiritual pikeun anu ngagem.

Kitab Tantrayana ditulis dina basa anu hésé dipikaharti. Maksudna mah, simbolisme ngeunaan konsép Mantra, Mandala, jeung *Ritualna* teu jelas. Ku kituna, ageman Tantra miboga *reputasi* praktek anu ngaruksak moral jeung ngarendahkeun darajat manusa, hususna *seks* tina kelompok sekte *Niwirtthi Marga* ngaliwatan Panca Makara.

Ritual Panca Makara diwincik jadi lima bagéan nyaéta: (1) *Matsya*, dahar lauk, (2) *Madya*, ngarinum tuak atawa anu sajinisna, (3) *Mamsa*, dahar daging, (4)

*Mudra*, tapa ku Gerakan-gerakan anu tangtu, (5) *Maituna*, hubungan *seks* salaku média pikeun muja. Tujuanna pikeun meunangkeun kakuasaan, jeung kasaktian ti Dewi Parwati salaku Sakti Siwa (Surasmi, 2007).

Ditilik tina segi kaagamaan, ageman Tantrayana téh mémang ageman anu nyimpang tina jalan bebeneran. Sakabéh ageman mangsa harita nganggep yén *seks* disaluareun nikah téh tabu, béda jeung ageman Tantrayana anu nyebutkeun yén éta hal téh hiji tarékah pikeun manunggal jeung Gusti. Sok sanajan ieu ageman téh ngan dipaké ku pangagung nagri, tapi rahayat ogé beunang balukarna. Ningali para pangagung geus bébas ngalakonan hal anu tabu, rahayat ogé pasti nuturkeun kanu jadi pangagung. Dicutat dina naskah Rawayan ti Pajajaran, sabada asupna ieu ageman rahayat Pajajaran jadi mumul ngolah huma, mumul digawé sabab sok ngarinum tuak nepika weureuna.

Tangtu karajaan Surosowan Banten anu ngagem Islam nganggep yén Karajaan Pajajaran geus nyimpang. Ku kituna, pikeun ngadegkeun anu *hak* jeung ngaleungitkeun nu *bathil*, Maulana Yusuf netepkeun pikeun merangan karajaan Pajajaran. Tangtu boh di Islam boh di Sunda aya aturan-aturan anu tangtu nalika perang, salasihijina teu meunang nyerang ambarahayat anu teu milu perang. Tapi dina naskah “Rawayan ti Pajajaran” karya Yoseph Iskandar dicaritakeun yén rahayat kadungsang-dungsang sabab musuh ngagempur rahayat nepi ka aya karaman di unggal lembur.

Tangtu ieu jadi pasualan anu kudu diguar, sabab dina aturan perang geus netepkeun yén rahayat teu meunang digunasika. Sabada panalungtik ngabandingkeun jeung carita-carita anu sumebar di masarakat, katitén ayana pihak katilu atawa oknum anu nyieun karaman. Ieu hal ogé katitén dina karya sastra jeung seni anu séjén nyaéta anu kahiji naskah drama “Hutbah Munggaran di Pajajaran” karya Yus Rusyana, nu kadua aya Sendratari “Purnamasari Silalatu Gunung Salak” ti FPSD UPI, jeung anu katilu nyaéta novel *Silalatu Gunung Salak* karya Aan Merdeka Permana. Dina carita naskah drama “Hutbah Munggaran di Pajajaran” karya Yus Rusyana katitén hiji tokoh antagonis nyaéta Jaya Antea. Manéhna anu maréntah pikeun ngaduruk unggal suhunan imah di karajaan Pajajaran.

## 2) Fakta Carita

Galur anu nyampak nyaéta galur méréélé. Palaku dina ieu naskah téh nyaéta, Nyai Putri, Uwa Batara, 12 Rahayat Pajajaran, Pasukan Surosowan Banten, Pasukan Pakuan Pajajaran, Prabu Nilakendra, Prabu Ragamulya Suryakencana, Ki Nakiwin, Ki Saltiwin, Ki Hulujurit, Ki Pantun.

Tokoh Nyai Putri miboga sikep anu tanggung jawab ka rahayatna, sok sanajan beurat nyuhun, beurat nanggung, beurat narimakeunana, angger Nyai Putri kudu kuat nyubadanan Silih-Wangi, kudu kuat jadi gunung pananggeuhan jeung panitén sakabéh rahayat anu ngungsi ka kidul pikeun nyieun Pajajaran anu anyar.

Danasasmita (dina Isnendes, spk., 2019) nétélakeun yén kapamingpinan Sunda saacan abad ka-16 geus dicutat dina naskah *Sanghyang Siksa Kandang Karesian* dina taun 1518 M. Eusi ngeunaan kapamingpinan dina éta naskah nyaéta aya *Parigeuing*, *Dasa Pasanta*, *Pangimbuhing Twah*, jeung *Opat Larangan*.

*Parigeuing* nyaéta bisa maréntah kalayan babasaan anu hadé, jadi jelema anu diparéntah teu nyeri haténa. *Dasa Pasanta* nyaéta aturan anu nenangkeun hate, ieu ogé jadi modal dina ngalaksanakeun *Parigeuing*. Sapuluh hal anu dimaksud nyaéta guna, ramah, hook, pesok, asih, karunia/karunya, mukpruk, ngulas, nyecep, ngala angen. *Pangimbuhing Twah* nyuaéta tatakrama panglengkep pikeun nambahan pamor. Aya 12 *Pangimbuhing Twah* nyaéta emet (hemat), imeut (taliti), rajeun (rajin), leukeun, pakapradana (wani), morogol-rogol (daék maju), purusa ning sa (*patriotik*), widagda (wijaksana), gapitan (wani berkorban), karawaleya (dermawan), cangcingan (sigep), jeung langsitan (terampil).

Tina téks naskah *Sanghyang Siksa Kandang Karesian* katitén kumaha sosok pamingpin karajaan. Sacara sadar atawa teu sadar, aturan jeung norma dina naskah *Sanghyang Siksa Kandang Karesian* dilaksanakeun ku para raja atawa pangagung nagri di Sunda. Kitu ogé sikep Nyai Putri anu tanggung jawab ka rahayatna, aturan jeung norma dina naskah sunda kuna jadi titik pamiangan pangarang pikeun nyipta watek jeung kasang tukang tokoh Nyai Putri dina ieu naskah.

Dina ieu naskah kacaritakeun Nyai Putri lalampahan jeung salasahiji panitén nagri nyaéta Uwa Batara. Tokoh Uwa Batara tangtu miboga watek anu wijaksana, ati-ati, jeung taliti dina nyieun kaputusan. Katitén pangarang teu sagawayah dina milih ngaran tokoh.

Lamun disalusur deui tina ngaranna, Uwa Batara téh lain ngaran saenyana, tapi éta téh mangrupa hiji gelar. Ilaharna gelar dibéré dumasar kana watek atawa fungsi hiji manusa. Contona Rahyang, gelar Rahyang biasana dibéré ka manusa anu geus apal kana konsép alam semesta. Ieu hal ogé aya dina hurup *Sastra Jendra Hayuning Ratu Pangruwat ing Diyu*. Hurup “Ra” hartina sinar atawa cahyaning panonpoé anu nyimbulkeun ciptaan *Anjeunna* anu miboga énérgi pikeun ngahirupan tur nyaangan alam semesta. “Hyang” mangrupa konsép *ketuhanan*, biasana nyimbulkeun pasipatan *Anjeunna*. Ku kituna, manusa anu dibéré gelar Rahyang tangtu miboga watek anu agamis, apal ka dirina jeung gustina fungsina pikeun nyaangan anu poékeun. Kitu ogé Batara, teu béda jauh jeung “Hyang”. Tokoh Uwa Batara mangrupa sambung létah antara alam Kahyangan jeung alam manusa. Katitén dina ieu naskah nalika Uwa Batara meunang iber ti Kahyangan yén Rawayan ti Pajajaran kudu moro ngidul tuluy nyieunn lembur pikeun nyiptakeun rasa, nyirnakeun resmi.

Ku sabab ieu naskah dijieun pikeun pasanggiri, aya sababaraha tokoh penting anu teu disebutkeun ngaranna nyaéta 12 Rahayat Pajajaran. Rahayat Pajajaran ngan ditulis saha anu merankeunana. Sanajan kitu, tokoh Rahayat Pajajaran dina ieu naskah miboga kasang tukang anu dicaritakeun sacara jero. Unggal rahayat dicaritakeun asalna ti mana jeung saha seuweuna.

Lian ti éta, Yoseph Iskandar salaku pangarang nyilokakeun umur karakter Rahayat Pajajaran jeung nu merankeunana. Katitén pamilon SD nyilokakeun karakter budak, SMP nyilokakeun Rumaja, SMA nyilokakeun Mojang jajaka atawa anu geus dewasa.

Sacara umum struktur carita geus hadé, ngan perkara nu karandapan pikeun pamaca nyaéta ieu naskah maké basa Sunda buhun, kecap-kecap kuno nu dipaké dina jaman karajaan kawilang beurat tur hésé dipikaharti pikeun dibaca ku masarakat jaman ayeuna, alusna aya sempalan nu ngajelaskeun maksud tina naon nu keur dibahas, ngagunakeun basa Sunda nu dipikaharti jaman ayeuna.

#### **4.2.2 Pedaran Struktur Naskah Drama**

Struktur naskah drama anu dianalisis aya dalapan, di antarana prolog, dialog, babak, aside, solilokui, adegan, kramagung, jeung épilog. Struktur naskah

nu katitén dina naskah purna drama “Rawayan ti Pajajaran” aya lima, nyaéta prolog, dialog, adegan/*scene*, kramagung, jeung solilokui/monolog. Ieu naskah kawilang teu lengkep sabab teu kapanggih ayana babak, aside, jeung epilog.

Ieu hal anu kudu diperhatikeun ku pangarang. Loba pisan kakurangan dina penulisan struktur naskah, padahal eusi carita anu ditepikeun matak ngirut. Sabab caritana béda ti karya sastra nu lian.

#### 4.2.3 Pedaran Ajén Atikan Karakter

##### 1) *Religius*

Ajén atikan karakter religius nyaéta ajén nu nyoko kana sikep jeung paripolah nu pengkuh dina ngalaksanakeun ajaran agama nu diagemna, toléran kana ibadah agama lian, teu ngusik agama lian sarta hirup rukun jeung agama lian.

- (3) Dina ieu sempalan dialog katitén yén sajatining jimat pikeun nyingkahan salah di lampah mah saéstuna nyaéta aya dina haté sorangan (jimat awaking).

*Mending gé, jampé-jampé harupat, geura gedé geura lumpat, geura nyingkahan salah di lampah. Nu dumuk mah ieu, jimat awaking, jimat nu saéstuna, rawayan ti Pajajaran.*

RTP/A3/9/AAK. 1

- (4) Dina ieu sempalan kramagung, sikep Nayi Putri saméméh indit anjeuna ngadu’a heula ka Hiang Tunggal. Ieu téh cicirén yén Nyai Putri nyékél pengkuh kana ajaran ka-Sundaan.

*Nyai Putri ngaluluguan upacara bakti. Bari dariuk deku, Rawayan Pajajaran nyembah ka Hiang Batara Tunggal.*

RTP/A5/14/AAK. 1

##### 2) *Jujur*

Ajén atikan karakter jujur téh mangrupa ajén nu nyoko kana paripolah dumasar kana tarékah ngajadikeun dirina minangka jalma nu bisa dipercaya dina ucapan, paripolah, jeung gawéna.

*PAMILON PUPUH SD PUTRI:*

*Kumaha mun mulang ka dayeuh Pakuan, Aki?*

*PAMILON BIANBARA SMA PUTRA:*

*Montong Nyai! Di dayeuh Pakuan geus simpé. Suwung, euweuh sasaha!*

RTP/A5/12/AAK. 2

### 3) *Kerja Keras*

Ajén atikan karakter kerja keras mangrupa ajén nu nyoko kana paripolah nu nunjukkeun sikep daria dina ngaréngsékeun pasualan atawa pancén ku cara diajar.

*PAMILON PUPUH SMP PUTRI:*

*Euleuh geuning, urang téh katalangsara*

*Kasasar kapahung*

*Lieuk leuweung lieuk lamping*

*Najan kitu, najan kitu*

*Kudu hirup jeung huripna*

*PAMILON PUPUH SMP PUTRA:*

*Heueuh geuning, urang téh kadungsang-dungsang*

*Nyorang mileuweungan*

*Muntang akar muntang areuy*

*Najan kitu, najan kitu*

*Kudu waluya walagri*

RTP/A4/10/AAK. 5

Tina sempalan di luhur, sikep kerja keras katingali. Sabab, kahirupan rék sakumaha héséna ogé angger kudu waluya walagri, hirup kudu jeung huripna.

### 4) *Demokratis*

Ajén atikan karakter demokratis mangrupa cara mikir jeung ngalakukeun hiji hal nu luyu jeung hak katut kawajiban dirina sarta jalma lian. Tina hasil analisis data kapanggih aya cutatan nu eusina nuduhkeun ajén karakter demokratis. Sangkan leuwih écés dipedar saperti ieu di handap.

*PAMILON BIANBARA SMA PUTRA:*

*(biantara)*

*Pun sapun, Nyai Putri. Lulugu lain Ratu, Pupuhunan lain Raja. Pancén dia, ukur jadi pangjejer, pangjeujeuh, tuturus areuy rawayan ti Pajajaran. Lamun dia teu nyanggupan, hartina, seuweu siwi Silihwangi, bakal peunggas rawayanna, bakal ilang dangiangna, bakal sirna wawangina. Pacuan, ulah kagembang ku jungkiringna kadaton, kagoda ku gurilapna inten jumanten dunya barana. Tanjeuma Pajajaran, nyaéta dalingdingna dangiang silih-wangi, nu salawasna kudu jinem dina angen-angen. Wayahna, geura tarimakeun, Nyai Putri.*

RTP/A5/14/AAK. 8

Dina ieu sempalan, écés pisan yén Uwa Batara miboga sikep demokratis, anjeuna tuhu kana kawajiban pikeun jadi panitén jeung panaséhat karajaan. Uwa Batara nepikeun kamandangna sangkan tuturus areuy rawayan ti Pajajaran henteu peunggas.

### 5) *Rasa Ingin Tahu*

Dani Irwansyah, 2021

STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NASKAH PURNA DRAMA "RAWAYAN TI PAJAJARAN" KARYA YOSEPH ISKANDAR

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ajén atikan karakter rasa ingin tahu mangrupa ajén nu nyoko kana sikep jeung paripolah pikeun nyaho leuwih jero jeung jembar tina hiji hal nu ditingali, didéngé, jeung sajabana. Tina hasil analisis kapanggih aya cutatan nu eusina nuduhkeun ajén karakter rasa ingin tahu.

- (1) Dina ieu sempalan dialog katitén sikep rasa ingin tahu kunaon asal usulna dayeuh digempur.

*PAMILON PUISI SMP PUTRI*

*Sugan dia mah nyaho, ku naon pangna dayeuh Pakuan digempur, dijorag, dihuru, dibinasa?*

*PAMILON PUISI SMP PUTRA:*

*Cikan, kami hayang engeuh, kumaha tah dongéngna?*

RTP/A3/7/AAK. 9

- (2) Dina sempalan dialog ieu katitén ogé rasa ingin tahu, dirina panasaran naha puseur dayeuh bet dipindahkeun.

*PAMILON PUPUH SMP PUTRI:*

*Nu matak hémeng, ku naon Hiyang Prabu, mindahkeun puseur dayeuh Pajajaran, ka tepis wiring gunung Pulasari?*

RTP/A5/11/AAK. 9

## **6) Cinta Tanah Air**

Ajén atikan karakter cinta tanah air mangrupa ajén nu nyoko kana sikep jeung paripolah nu nunjukeun kasetiaan, kapedulian jeung ngahargaan lingkungan, fisik, sosial, budaya, ekonomi jeung politik bangsa.

*PAMILON NGADONGÉNG SMA PUTRA:*

*Mungguh kitu, pangna adi-adi, ku kami dibawa ngungsi ka dieu. Sangkan Seuweusiwi Silihwangi sambung-sinambungan. Palias, rawayan Pajajaran sirna ti buana!*

RTP/A3/7/AAK. 11

*PAMILON PUPUH SD PUTRA:*

*Kawih téh dulur-dulur, warisan ti karuhun! Na teu meunang, mun kami neundeun katineung ka Karuhun?*

RTP/A4/10/AAK. 11

## **7) Bersahabat atau komunikatif**

Hiji sikep anu nunjukeun karesep pikeun nyarita ka batur. Ieu hal katitén dina dialog ieu.

*PAMILON PUISI SMP PUTRA:*

*Urang mana dia?*

*PAMILON PUISI SMP PUTRI:*

*Seuweu mana dia?*

*PAMILON PUISI SD PUTRI:*

*Kami urang Pasir Kawung, kami seuweuna Ki Nakiwin.*

*PAMILON PUISI SD PUTRA:*

*(pikarunyeun) Kami urang Pasir Kanyéré, seuwuna Ki Saltiwin. Ari aka jeung étéh urang mana?...*

RTP/A2/4/AAK. 13

### **8) Peduli Sosial**

Ajén atikan karakter peduli sosial mangrupa ajén nu nyoko kana sikep jeung paripolah nu hayang méré bantuan ka batur jeung masarakat nu butuh bantuan. Tina hasil analisis kapanggih sikep peduli sosial, katitén dina cutatan ieu di handap.

*PAMILON NGADONGÉNG SMP PUTRI:*

*Basa guk-gok di Pasisian lembur singkur, tepung jeung ieu kaka, étéh (nuduheun ka Pamilon Ngadongéng SMA), jog anjog cunduk ka ieu patempatan.*

*PAMILON NGADONGÉNG SMP PUTRA:*

*Dina kaayaan tagiwur, kami asa manggih panyalindungan, tepung jeung panangtayungan. Ku kaka jeung étéh kami dilelemu, diupahan, dibéré timbel sahalu. Najan kabagéan sacomot éwang ogé, peujit nu ngajerit murilit, lumayan rada répéh*

RTP/A3/7/AAK. 17

### **9) Tanggung Jawab**

Ajén atikan karakter tanggung jawab mangrupa ajén nu nyoko kana sikep jeung paripolah hiji jalma dina ngalaksanakeun pancén jeung kawajibanna, nu kudu dilakukeun ku manéhna soranganm ka dirina sorangan, masarakat, lingkungan (alam, sosial, budaya), nagara jeung Gustina. Tina hasil analisis data kapanggih aya cutatan nu eusina nuduhkeun ajén atikan karakter tanggung jawab. Sangkan leuwih jéntré bisa ditiénan saperti ieu di handap.

*NYAI PUTRI:*

*(biantara)*

*Beurat nyuhun beurat nanggung, beurat narimakeunana.*

Dani Irwansyah, 2021

STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NASKAH PURNA DRAMA "RAWAYAN TI PAJAJARAN" KARYA YOSEPH ISKANDAR

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

*Tapi, dalah dikumaha, iber ti Kahiyangan, palias dimomorekeun.  
(Ka balaréa)*

*Dulur-dulur rawayan ti Pajajaran. Sakumaha nu kapireng ku dia sakalih, tétéla urang bakal ninggalkeun dayeuh Pakuan. Sakumaha beuratna, teu bisa majar kumaha. Bongan, getih Pajajaran, ngamalir dina diri urang. Gues tong melang sumoreang, tong inggis ku bisi rempan ku sugan. Hayu tatan-tatan, urang lakonan hirup-hurip sauyunan, urang silih wawangian.*

RTP/A5/14/AAK. 18

Ajén Atikan Karakter anu kapaluruh aya 9, nyaéta; (1) *Religius*, (2) *jujur*, (3) *kerja keras*, (4) *demokratis*, (5) *rasa ingin tahu*, (6) *cinta tanah air*, (7) *bersahabat dan komunikatif*, (8) *peduli sosial*, (9) *tanggung jawab*.

Ajén *religius* nyampak nalika Nyai Putri SembahHyang saacan indit ka Kidul pikeun nyipta rasa, sirna resmi, tur ngababakan lembur anyar. Unggal rahayat Pajajaran anu ngungsi miboga sikep silh tulungan ieu hal téh bisa katitén nalika aya budak nu keur bingung néang panyalindungan, rahayat anu geus *dewasa* mantuan sangkan budak nu ngungsi sahenteuna teu ngarasa keueung jeung lapar. Sikep Uwa Batara anu *jujur* ogé *demokratis* dina ieu naskah. Anjeuna tuhu kana kawajiban pikeun jadi panitén jeung panaséhat karajaan. Uwa Batara nepikeun kamandangna sangkan tuturus areuy rawayan ti Pajajaran henteu peunggas. Rahayat Pajajaran miboga pikiran anu *kritis*, sikep ieu téh anu ngalantarankeun nyampak ajén *rasa ingin tahu*. Lian ti éta rahayat Pajajaran silih asih ka sasama jeung tara nyieun codéka ieu hal ogé nu ngalantarankeun ayana ajén *bersahabat* jeung *cinta tanah air*. Nyai Putri miboga peranan penting sangkan seuweu siwi Silih-Wangi sambung sinambungan. Ku kituna Nyai Putri boga rasa *tanggung jawab* anu gedé pikeun kabagjaan rahayatna.